



Pou Piblikasyon Imedya: 06/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ ADJWEN HOCHUL ANONSE YO PRAL
KONSTWI DE ESTATI SIFRAJÈT SELÈB AN LONÈ 100ÈM ANIVÈSÈ
DWA VÒT FANM NAN ETA NEW YORK LA**

*Yo pral Konstwi Estati Sojourner Truth ak Rosalie Gardiner Jones nan Konte
Ulster ak nan Long Island*

*Bilding Toupatou Atravè Eta a yo, ki gen ladan One World Trade Center a ak Chit
Niagara, pral Limen an Mov ak Jòn Dore an Lonè Dwa pou Fanm Vote*

*Novanm 2017 se Mwa Santenè Dwa Vòt Fanm —w ap jwenn Pwoklamasyon an
[Isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te anonse, an lonè 100èm anivèsè dwa vòt fanm yo nan New York la, Eta a pral dedye epi konstwi de estati an komemorasyon sifrajèt Sojourner Truth ak Rosalie Gardiner Jones. Yo te pwomilge dwa vòt fanm yo jou 6 novanm 1917 la nan New York, twa zan avan 19èm amandman te ba fanm yo dwa pou yo vote toupatou atravè peyi a. Gouvènè a ak Gouvènè Adjwen an te ofisyèlman pwoklame Novanm 2017 la kòm mwa Santenè Dwa Vòt Fanm yo. Ou ka wè tèks pwoklamasyon an [isit la](#).

“Soti nan lansman mouvman dwa vòt la isit la menm nan Seneca Falls rive nan Ajanda Egalite pou Fanm (Women's Equality Agenda) lan, New York rete alatèt nasyon an nan lit an favè dwa fanm, epi nou fyè pou nou selebre 100èm anivèsè dwa vòt fanm nan eta nou an ak bravou ak pèsèverans fanm ki te trase chemen an yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan nou rekonèt etap enpòtan sa a nan istwa nou an epi nou ap reflechi sou ki kantite pwogrè nou te fè pandan dènye syèk ki sot pase a, nou konnen pou pa ka pran repo pandan n ap kontinye lite pou vrè egalite.”

“Moun nan vil toupatou atravè eta a yo ta dwe gade syèl la aswè a, pou yo wè l limen an mov ak jòn dore, epi yo dwe santi yo fyè de istwa nou”, **Gouvènè Adjwen Hochul, ki se Prezidan Komisyon Dwa Vòt Fanm yo, te di.** “An menm tan, antanke fanm eli ki gen pi gwo tit nan eta a epi ki se Prezidan Komisyon k ap selebre okazyon istorik sa a, pwochèn jenerasyon jèn fanm ki pral pote flanbo a ak epi akonpli vizyon egalite nou an ak kreye yon kilti respè ak enklizyon pou tout fanm yo, kèlkeswa ras, etnisite, sèks yo lè yo te fèt, oswa oryantasyon seksyèl yo enspire m.”

Estati Sojourner Truth la pral sitiye sou Santye Empire State la nan Konte Ulster, kote li te fèt la. Truth te fèt nan esklavaj ozanviwon ane 1797 konsa, yo te vann li twa fwa, epi li te finalman sove pou l te jwenn libète l an 1826. Li te vin tounen yon abolisyonis ak yon defansè dwa fanm selèb jiskaske l te mouri an 1883.

Yo pral konstwi estati Rosalie Gardiner Jones lan nan Pak Eta Cold Spring Harbor la sou Long Island. Yo konn rele l tou “Jeneral Jones”, li te fèt epi li te abite nan Cold Spring Harbor epi yo te respekte l paske li te alatèt mach “pilgrim” pou dwa vòt fanm soti Vil New York rive Albany ak Washington, DC pou sipòte dwa vòt fanm lan.

Eta a pral pibliye apèl pou moun soumèt konsepsyon yo pral chwazi pou chak estati a yo. Aktyèlman la gen 25 estati sou pwopriyete Eta New York la, ki gen ladan sèlman de fanm: Estati Doktè Mary Walker, ki te yon chirijyen pandan peryòd gè sivil la, nan Oswego; ak estati abitan fwontyè Mary Jemison nan Pak Eta Letchworth lan. Avèk nouvo estati Truth ak Jones y ap ajoute a, ap vin gen kat estati fanm nan Eta New York la ototal, sa k ap double kantite ki la.

Bilding ki pral Limen an Mov yo ak Jòn Dore yo

Gouvènè a ak Gouvènè Adjwen an te anonse bilding toupatou atravè Eta New York yo pral limen an mov ak jòn dore, ki se koulè mouvman dwa vòt la, pou selebre anivèsè a tou. Lis konplè bilding k ap patisipe yo pi ba la:

Vil New York

- One World Trade Center
- 4 Times Square
- Kosciuszko Bridge
- Con Edison Clock Tower
- Bank of America Tower

Buffalo/Rejyon Lwès New York

- Niagara Falls
- Buffalo City Hall Dome
- Roswell Park Sign
- M&T Bank
- One Canalside
- Seneca One Tower
- Electric Tower
- Buffalo News

Rochester

- Tower 280
- One East Avenue
- The Metropolitan
- High Falls
- Rundel Memorial Building

Syracuse

- New York State Fair Gates
- National Grid Building
- Crouse Hospital Tower
- Barclay Damon Building
- Onondaga Courthouse
- Carnegie Building
- Bernthal Way
- Syracuse University Hendricks Chapel
- Syracuse University Hall of Languages

Albany

- Alfred E. Smith Building
- SUNY Building

Selebrasyon Santenè Dwa Vòt New York la

Aswè a, Gouvènè Adjwen Hochul ak Komisyon Dwa Vòt Fanm Eta New York la pral òganize yon selebrasyon pou Santenè Dwa Vòt New York la. Evènman an ap fèt an kolaborasyon ak SAP Next-Gen nan SAP Leonardo Center New York la, ki nan 48èm etaj Hudson Yards la, patisipan yo pral ka wè panorama Vil New York la ak World Trade Center a ak lòt bilding istorik yo ki limen ak koulè mov ak jòn dore, ki se koulè dwa vòt la yo.

Otokolan Komemoratif “I Voted” (Mwen te Vote) a yo

Yo pral distribiye otokolan komemoratif espesyal “I Voted” nan lokalite kote biwo vòt toupatou atravè eta a yo demen pandan Jounen Eleksyon (Election Day) an. Yo te chwazi konsepsyon gayan otokolan atravè vòt popilè an septanm lan. Otokolan yo genyen “Jeneral” Rosalie Jones, ki se yon sifrajèt ak òganizatè New York ki te alatèt yon randone sou yon distans 240 kilomèt soti Vil New York rive Albany an Desanm 1912 pou l te prezante yon petisyon bay Sulzer, ki te Gouvènè Eli alepòk la. Nou ap ankouraje elektè yo pou yo pataje foto otokolan “I Voted” yo a sou rezo sosyal yo lè yo itilize dyèz #NYWomenLead.

#FindtheSentiments (Jwenn Santiman yo)

Eta New York la se lakay mouvman dwa fanm lan. Li te akeyi tout premye Konvansyon Dwa Fanm (Women's Rights Convention) yo nan Seneca Falls an 1848, kote Lucretia Mott ak Elizabeth Cady Stanton òganize l. Swasant nèf lane apre, nan dat 6 novanm 1917 la, fanm nan Eta New York la yo te ranpòte dwa pou yo vote. Twa zan apre, yo te ratifye 19èm Amandman, ki te bay tout fanm dwa pou yo vote toupatou atravè Etazini.

Se te nan Seneca Falls yo - te ratifye dokiman fondatè pou dwa fanm nan Etazini an - yo rele Deklarasyon Santiman yo (Declaration of Sentiments). Malerezman, yo pa ka jwenn kopi orijinal dokiman an. An 2015, Prezidan Obama te mete yon inisyativ sou

pye pou yo lanse yon defi a popilasyon an pou yo chache jwenn Deklarasyon Santiman yo. Jodi a, ansanm ak Megan Smith, ki se ansyen Direktè Teknoloji Etazini an ak yon natif natal Buffalo, nou ap relanse defi #FindtheSentiments lan epi n ap mande pou Nouyòkè yo chache Sentiments lan nan achiv ak estokaj yo, ansanm ak nan kè yo ak nan lespri yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou: ny.gov/FindtheSentiments.

Komisyon Dwa Vòt Fanm Eta New York yo, ki gen alatèt li Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ap òganize pwogram pou komemore sifraj fanm ant 2017, ki make 100 tan depi fanm te vin jwenn dwa pou yo vote nan Eta New York, e 2020, ki pral fè yon syèk depi yo te ratifye 19^{yèm} Amannman an. Pwogram Komisyon an selebre akonplisman sifraj fanm e wòl santral moun New York ak Eta New York te jwe pandan epòk enpòtan sa. Epitou l ap ede trase lavni pou asire vin gen yon sosyete ki pi jis e ekitab pou tout moun. Pou w gen plis enfòmasyon, vizite www.ny.gov/suffrage.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418